



Governor Andrew M. Cuomo
State of New York



Governor Chris Christie
State of New Jersey

Pou Piblikasyon Imedyat: 24 avril 2013

GOUVÈNÈ CUOMO AK GOUVÈNÈ CHRISTIE MANDE PORT AUTHORITY OF NEW YORK AND NEW JERSEY POU YO APWOUE PWOGRAM KONSTWIKSYON PON ISTORIK

Travay sou twa pon ajans de eta a pral kreye apeprè 5.000 djòb nan domèn konstwiksyon, plis pase \$600 milyon dola nan salè, ak plis pase \$2,5 milya dola nan aktivite ekonomik rejyonal

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Gouvènè Chris Christie te mande Port Authority of New York and New Jersey pou apwouve yon pwogram konstwiksyon pon istorik nan reyinyon Konsèy Manm Komisyon li yo jodi a.

Pwogram nan gen ladan twa pon ajans de eta yo ki konekte New York ak New Jersey, avèk de nan twa gwo pwojè gran echèl ki gen ladan konstwiksyon yon nouvo pon pou ranplase trave ki la kounye a, epi pou monte wout yon pon ki la deja. Pon yo se Goethals Bridge, Bayonne Bridge ak Outerbridge Crossing, k ap konekte Staten Island avèk nò New Jersey.

Ansanm, pwojè yo pral kreye apeprè 5.000 djòb nan domèn konstwiksyon; y ap kreye plis pase \$600 milyon dola nan salè; ak plis pase \$2,5 milya dola nan aktivite ekonomik pou rejyon an.

Investisman enpòtan sa yo nan enfrastrikti transpò se pati efò Port Authority pou konsantre sou misyon prensipal li, yon direktiv enpòtan toulède gouvènè yo. Se premye fwa nan plis pase 80 ane ajans lan pral bati yon nouvo pon, epitou se premye fwa enjenyè yo pral bati yon estrikti pon sou wout ki la deja, pandan sikilasyon machin yo ap kontinye fèt sou teras ki anba a.

Ranplasman Pon Goethals pral fèt nan yon patenarya piblik-prive tounèf ki pral premye vrè pwojè PPP transpò nan sifas nan Rejyon Nòdès la. Konstwiksyon sou touletwa pwojè yo ap kòmanse ane sa a.

Gouvènè Andrew Cuomo di konsa, “Lè nou investi nan pwojè enfrastrikti enpòtan, Port Authority ap renouvle angajman li pou re-konsantre sou misyon prensipal li. Itilizasyon yon patenarya piblik-prive pou bati yon nouvo Pon Goethals ak itilizasyon estrateji jeni inik pou monte wout Pon Bayonne montre mwayen nou pou bati gwo enfrastrikti transpò nan yon manyè ki entèlijan ak rantab. Aksyon sa a pral kreye anpil milye djòb, epi l ap sèvi kòm yon gwo sipò ekonomi pou New York ak New Jersey.”

Gouvènè Chris Christie di konsa, “Pwojè sa yo gen anpil enpòtans pou New Jersey ak pou rejyon an. Yo pral mete anpil milye gason ak fanm k ap travay di nan travay, jwenn wòl Port of New York ak New Jersey kòm premye pò ak motè ekonomik Lakòt Lès la, epitou y ap bay sitwayen New Jersey yo trave pon modèn k ap amelyore sekirite ak avantaj vwayajè yo pou ane k ap vini yo.”

Konstwiksyon yon Nouvo Pon Goethals pou Ranplase Trave ki la Deja

Yo prevwa Konsèy la pral bay yon kontra plan-konstwiksyon-finans-antretyen sou 40 ane nan yon patenarya piblik-prive pou \$1,5 milya dola pou bati yon nouvo Pon Goethals pou ranplase fondasyon ki la deja a. Nouvo pon an pral gen ladan liy machin ki pi laj pou fasilite blokis ak adapte pou volim sikilasyon yo prevwa, epitou pou repare aksè pyeton yo avèk yon chemen pou pyeton/bisiklèt. Y ap bati pon an pou fasilite chwa transpò an mas pidevan. Depi nouvo pon an fini, ekip yo ap retire trave ki la deja a.

Patenarya piblik-prive a pral bay ajans lan previzyon depans sou dire kontra a. Sèl fondasyon an ap bay Port Authority aksè nan espètiz sektè prive ak kapital, pandan l ap diminye nèt itilizasyon fon piblik la. Prim ankourajman finansye yo te fè pati nan akò a—tankou Port Authority ki pa fè peman jouk lè poto-mitan enpòtan konstwiksyon an reyalize—prevwa l ap fasilite livrezon pon k ap fini an nan omwen sis mwa.

Pwojè a pral kreye plis pase 2.250 djòb nan konstwiksyon, plis pase \$200 milyon dola nan salè ak \$850 milyon dola nan aktivite ekonomik pou rejyon an. Travay la ap kòmanse ane sa a, avèk ouvèti pon an anvan pou sikilasyon an nan ane 2016 ak reyalizasyon enpòtan ki prevwa nan ane 2017.

Ogmantasyon Wout Pon Bayonne

Yo prevwa Konsèy la pral bay yon kontra nan yon pwogram \$1,29 milya dola pou ogmante wout Pon Bayonne. Pwojè a pral ogmante wotè navigasyon pon an pou pèmèt bato kontenè ki pi gwo ak pi efikas epi ki pwoteje anviwònman an apre Panamax pase anba. Nouvo wout la pral gen ladan liy laj, akotman ak yon chemen bisiklèt/pyeton 12 pye, epitou l ap bay mwayen pou ajoute chwa transpò an mas pidevan.

Travay la pral kòmanse imedyatman apre reyalizasyon pwosesis revizyon anviwònman Gad-Kòt ak resepsyon pèmi obligatwa yo, avèk ekip k ap kòmanse bati yon nouvo wout ki monte ki mezire 64 pye anwo trave ki la deja a. Lè li fini, wout Pon Bayonne pral mezire 215 pye anwo wout navigab Kill Van Kull, pou pèmèt pi gwo bato kago yo pase anba li. Port Authority prevwa travay la pral fèt anmenmtan avèk agrandisman Kannal Panama, ki prevwa pou fèt nan ane 2015. Pwojè a pral asire pò a konsève pozisyon li kòm pi gwo pò sou Lakòt Lès la ak twazyèm pi gwo nan peyi a.

Port Authority te pami premye nan nasyon an pou aplike pou Pwojè 2012 *We Can't Wait* Prezidan Obama—ki apwouve nan mwa jiyè 2012—k ap vanse pwojè enfrastrikti enpòtan yo toupatou nan peyi a. Pwojè a pral pèmèt gen 2.500 djòb nan domèn konstwiksyon, \$380 milyon dola nan salè ak \$1,6 milya dola nan aktivite ekonomik rejyonal, epi l ap nan avantaj pò yo nan New York ak New Jersey. Ekip yo pral fin retire wout ki la deja a nan sezon lotòn 2015, epi rès pwojè a ap fini nan ane 2017.

Re-Sifasaj Outerbridge Crossing

Epitou nan pwogram pou Konsèy Manm Komisyon Port Authority pou konsidere a se yon kontra yo bay pou re-sifasaj Outerbridge Crossing.

Ranplasman asfalt la pral evite posiblite pou reparasyon pou ijans k ap koute chè, ki ta lakòz fèmti ki pa planifye ak konsekans negatif sou piblik k ap vwayaje a. L ap bay vwayajè yo tou yon fason ki pi fasil ak an plis sekirite pou vwayaje. Travay la pral fèt pi ta ane sa a, epi l ap fini nan ane 2013. Pwojè a pral bay 40 djòb ak \$39 milyon dola nan aktivite ekonomik reyonan.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418